# Къурмэн хьид махуэ лъапIэмкIэ дынывохъуэхъу

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№186 (23.094) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 24, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и IэтащхьэКIуэкIуэ Юрий Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и тхьэмадэ Шмаков Михаил IущIащ

**Дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхуэзащ Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и тхьэмадэ Шмаков Михаил.**



ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и къэрал властым и органхэр профсоюзхэм зэрадэлажьэм, къэралым и экономикэр гугъуехьхэм хэтми, цIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Ди республикэм и лIыкIуэхэр Дербент къалэр илъэс мини 2 зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэм хэтащ

**КъБР-м и делегацэм и Iэтащхьэу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий.**



ЕХЬЭЖЬАУЭ гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIащ Дербент и ут нэхъыщхьэм. Абы щагъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я псэукIэр, щэнхабзэр, я нобэрей ехъулIэныгъэхэр. ЦIыху куэд щызэблэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я гъащIэм теухуауэ къызэрагъэпэща лъапсэм. Абы къекIуэлIахэр щыгъуазэ ящIащ лъэпкъ IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, апхуэдэу республикэм икIа артистхэм концерт гъэщIэгъуэн ягъэлъэгъуащ.

Аруан районым и администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт къызэрыджиIэжамкIэ, Дербент езыр зэрыщыту музейуэ къэплъытэ хъунущ. Илъэс минитIым къриубыдэу абы тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр щекIуэкIащ, ауэ сыт щыгъуи лъэпкъ куэдым щыщхэр зэгурыIуэу икIи зыр адрейм дэIэпыкъуу щыпсэуащ.

Аруан районыр илъэс 13 хъуауэ Дербент къуэшыгъэкIэ пыщIащ. А зэманым къриубыдэу лъэныкъуитIым фIыуэ зрагъэужьащ щэнхабзэм, спортым, туризмэм я лъэныкъуэкIэ зэрызэдэлажьэм.

*Аруан район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## НэгъуэщI щIыналъэхэм къыщащэху Iэмэпсымэхэр гъэмэщIэныр къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министр Гуэбэшы Залымджэрий дыгъуасэ Москва щыхуэзащ Урысей Федерацэм промышленностымрэ сатумкIэ и министр Мантуров Денис. Ахэр тепсэлъыхьащ пкъыгъуэ нэхъ быдэхэм зэрелэжь Iэмэпсымэу нэгъуэщI щIыналъэхэм къыщащэхухэр ягъэмэщIэн папщIэ апхуэдэ продукцэ къыщIэзыгъэкI кластер зэтегъэувэнымкIэ проектыр гъэхьэзырыным теухуауэ властым и федеральнэ органхэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэщIыгъуу зэфIагъэкIхэм. «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэ зэIухар а кластерым хэгъэхьэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхилъхьа жэрдэмыр УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм къыщыдаIыгъащ.

Мы кластерыр зэрызэтрагъэувэм и фIыгъэкIэ Урысей Федерацэм щызэфIагъэувэнущ пкъыгъуэ нэхъ быдэ дыдэхэм зэрелэжь Iэмэпсымэ къыщIэзыгъэкI IэнатIэ. Абы зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ къызэригъэпэщынущ машинэ зыщI, металлым елэжь предприятэхэр.

*КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Кучинэ Марие ягъэлъапIэ

● КъБР-м и Парламентым

**ФокIадэм и 22-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щагъэлъэпIащ атлетикэ псынщIэмкIэ Пекин щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым лъагэу дэлъеинымкIэ щытекIуа Кучинэ Мариерэ абы и гъэсакIуэ Габрилян Геннадийрэ.**



*Сурэтыр* **Ахъуэбэч ХьэзрэIил** *трихащ*

ПАРЛАМЕНТЫМ дэлажьэ ЩIалэгъуалэ палатэм къызэригъэпэщ «ЕхъулIэныгъэм и уасэр» зыфIаща зэIущIэхэм. Абы хэтащ депутатхэр, курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэр.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** зэIущIэр къыщызэIуихым къыхигъэщащ спорт зэхьэзэхуэхэм ди щIыналъэм щыщ щыхэтым деж нэхъ набдзэгубдзаплъэу дазэрыкIэлъыплъыр, дыдейхэм я дэтхэнэ ехъулIэныгъэми дызэригъэгушхуэр. Кучинэ Марие и зэфIэкIхэм хуабжьу зэрыщыгуфIыкIыр абы жиIащ икIи КъБР-м и Парламентым и депутатхэм я цIэкIэ ехъуэхъуащ.

- Быдэу си фIэщ мэхъу а текIуэныгъэхэр гъащIэм ущиIэну ехъулIэныгъэшхуэхэм я щIэдзапIэу зэрыарар, - жиIащ Егоровэм. - Куэд щыгъуазэкъым текIуэныгъэхэр зыIэрыбгъэхьэн папщIэ пщIэнтIэпс куэд тебгъэкIуэдэн, уемызэшу улэжьэн зэрыхуейм. Си гугъэмкIэ, ди щIалэгъуалэм дежкIэ щхьэпэщ уи текIуэныгъэм и уасэр зыхуэдэр ящIэныр.

АдэкIэ Парламентым и УнафэщIыр кIэщIу къытеувыIащ Кучинэ Марие зыIэригъэхьэфа лъагапIэхэм. НыбжькIэ щIалэми (1993 гъэм къалъхуащ), илъэс 15-м лъагэу дэлъеинымкIэ «Урысейм спортымкIэ и мастер» цIэр къилэжьри, нэхъ спортсменыфIхэм я школым щIагъэтIысхьауэ щытащ. Физическэ щэнхабзэмкIэ Волгоград дэт къэрал академием и 5-нэ курсым щоджэ, КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Габрилян Геннадий и нэIэ щIэту Прохладнэ зыщегъасэ. А къалэращ Марие зыщыщыр. Мы гъэм ар Урысейм, Европэм, дуней псом я чемпион хъуащ.

Европэм и спортсменкэ нэхъыфIыр къыщыхах зэхьэзэхуэм Кучинэ Марие хагъэхьащ. European Athletics, Фейсбук, Твиттер Интернет напэкIуэцIхэм щекIуэкI IэIэтыр фокIадэм и 28-м зэхуащIыжынущи, ди спортсменкэм и цIэкIэ Iэ яIэтыну Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэр къыхуриджащ.

Пщащэ Iэдэбымрэ абы и гъэсакIуэмрэ я зэфIэкIым папщIэ къыхуагъэфэща дамыгъэхэм къыхэхъуащ а махуэм. Я ехъулIэныгъэфIхэмкIэ иджыри куэдрэ ди щIыналъэм исхэр ягъэгуфIэну къехъуэхъухэри, КъБР-м и Парламентым и щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ абыхэм кърататащ.

Бахъсэн дэт курыт еджапIэ №4-м щеджэ ныбжьыщIэ цIыкIухэр Кучинэ Марие зэрыригушхуэм и нэщэнэу, я джанэхэм абы и сурэт тету, удз гъэгъахэр яIыгъыу утыкум къихьэри, мы пщащэм, спортым теухуа усэхэм гъэхуауэ къеджащ.

Къызэхуэсахэм упщIэ я куэдт. Атлетикэ псынщIэм зэрыдихьэхам щытепсэлъыхьым, пщащэм жиIащ школым физическэ щэнхабзэмкIэ щрагъэкIуэкI дерсым абы и гъэсакIуэм гу къыщылъитэу спортымкIэ школым зэрыригъэблэгъар, иужькIэ ар езыми игу ирихьу къызэрыхэнар, ерыщу и ехъулIэныгъэхэм зэрыхуэкIуар. ТекIуэныгъэхэр зэкIэлъхьэужьу къызэрихьыфым щэху гуэр хэлъым ныбжьыщIэхэр щыщIэупщIэм ибзыщIакъым. «Си Хэкум, сыкъыщалъхуа щIыналъэм хузиIэ лъагъуныгъэрщ си щэхури си гурыфIыгъуэри. Нэхъапэм Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Прохладнэмрэ атлетикэ псынщIэмкIэ зыщIыпIи щацIыхуртэкъыми, абы сигъэбампIэрт, иджы дыкъацIыху. Псом нэхъыщхьэращи, уи къару, уи зэфIэкI уи фIэщ хъужу утыку уихьэн хуейщ. КъомыхъулIэм дерс къыхэпхыу адэкIи укIуэтапхъэщ», - жиIащ Марие.

Габрилян Геннадий пщащэр зэригъасэ-зэрипсыхьхэмкIэ къызэхуэсахэм щадэгуашэм, псом нэхъыщхьэр гурыгъуазэкIэ кIуэ спортсменым зэран ухуэмыхъуныр арауэ жиIащ. Марие и хьэлым теухуауэ бгъэдыхьэкIэ къызэрыхуигъуэтри дыщIигъужащ абы и псалъэм.

ШколакIуэ цIыкIухэм къыхахыну спорт лIэужьыгъуэмкIэ Кучинэм щечэнджэщым, абы къажриIащ спортыр я гумрэ я псэмрэ къыдыхьэу щытын зэрыхуейр, уи гъэсакIуэми дзыхь хуэпщIыным и мыхьэнэр зэрыиныр.

Габрилян Геннадий жиIащ атлетикэ псынщIэм ди республикэм щигъуэт гулъытэм зэрыхэхъуам зэрыщыгуфIыкIыр, куэдкIэ узыщыгугъын ныбжьыщIэхэр дызэриIэр.

КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм Кучинэ Марие и цIэкIэ ди республикэм зэхьэзэхуэ щрагъэкIуэкIыну къыхалъхьащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Бжыгъэхэр

## Мэкъумэш IэнатIэм зеужьыж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым статистикэмкIэ и комитетым хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, ди республикэм мэкъумэшхэкIыу къыщIагъэкIар нэгъабэ нэхърэ процента 5,6-кIэ нэхъыбэщ.**

МЭКЪУМЭШ IэнатIэхэм псоми зэхэту къыщIагъэкIащ хадэхэкIрэ ерыскъы зэмылIэужьыгъуэу сом меларди 2,8-рэ и уасэ.

Мы зэманым ирихьэлIэу КъБР-м IэщышхуэхэмI я бжыгъэр мин 275,4-м щынэсащ. Ар нэгъабэ елъытауэ процента 3,7-кIэ хэхъуащ. Iэщыхъуэхэм мэлрэ бжэну зэрагъэпэщыжащ мини 4-м нэблагъэ.

Iуэхур щыIейкъым ерыскъыхэкIхэр щагъэхьэзыр IэнатIэхэми: лыуэ къалэжьащ тонн мин 52-рэ. Гъэ кIуам елъытауэ ар процент 12,3-кIэ нэхъыбэщ. Гъэшыр процента 2,7-кIэ хэхъуащ (тонн мин 288-рэ), джэдыкIэр - процента 2,6-кIэ (мелуани 127,5-рэ).

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Прохладнэ щIыналъэ

## Нартыхур Iуахыж

**Къапщтэмэ, мы илъэсым нартыхуу хасар гектар мин 21,9-м нызэрохьэс. Ар нэгъабэ яIам нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэщ.**

Нартыхум къызэрыкIэрыху щымыIэу сэхуранми хыхьэнущ. Ари гектар мини 8,5-м нос.

Мы щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэр лъэ быдэкIэ увынымкIэ сэбэпышхуэ къахуэхъуащ къэрал, республикэ бюджетхэм къахэкIыу кърата субсидиехэр - зы гектарым сом 770-рэ хуозэ.

Субсидиехэр къеIызыхахэм ахъшэр трагъэкIуэдащ гектар мин 56,7-рэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэгъэзэным.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

● Налшык

## МардэщIэхэм тету

**Хабзэм къемызэгъ щIыпIэхэм сату щызыщIхэм япэщIэтыным теухуауэ къызэрагъэпэща ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэр мэлажьэ.**

А КЪАЛЭНЫР ягъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ хабзэр къызэпызыуда цIыху 50-м административнэ жэуап зэрахьынумкIэ дэфтэрхэр ятхащ.

Налшык къалэ администрацэм игъэува хабзэхэм япэу ебакъуэхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, етхьэкъунущ, ахэр етIуанэу къапэщIэхуэмэ, къуэдыуэ ятынум тIукIэ хагъэхъуэнущ, ещанэм - суд Iуэху ящIынущ.

Хабзэм къемызэгъыу сату нэхъыбэу щащIыр Налшык и «Централънэ» бэзэрым и Iэгъуэблагъэращи, абы теухуауэ зэфIэхын хуей нэгъуэщI зы Iуэхуи къагъэлъагъуэ: хабзэм тету, езым я увыIэпIэ яIэжу сату зыщIхэми тыкуэн зыгъэлажьэхэми куэду къахэкIащ я хъуреягъым щагъэтIылъ кIэрыхубжьэрыхухэр Iузышыну компаниехэм зэгурыIуэныгъэ езымыщIылIахэр. Абыхэм я зэранкIэ фIейуэ къонэ бэзэрым бгъурыкI уэрамхэр.

Потребительскэ рынокымрэ хьэрычэтыщIэ Iуэхухэм зегъэужьынымкIэ щIыпIэ администрацэм и управленэм и унафэщI къалэныр зыгъэзащIэ Къущхьэ Мурат жеIэ: «Налшык зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм я мардэм щыхуагъэкIуэж мы зэманым «Централънэ» бэзэрым ибгъукIэ сату щызыщIыну хэтхэм къагурыIуэн хуейщ, дяпэкIэ зыми апхуэдэ Iэмал зэрырамытынур».

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

### Ди къуэш республикэхэм

#### Абхъазым зыщызыгъэпсэхухэм къахохъуэ

АБХЪАЗ. ***Дызэрыт гъэм и гъэмахуэ мазищым Абхъазым зыщагъэпсэхуащ Урысейм и цIыху мелуани 3,5-м. Совет лъэхъэнэми республикэр зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэу щытащ, ауэ иджы, щIыпIэм щыпсэухэми зэрыжаIэщи, гури псэри зытхьэкъу хэку телъыджэр къыхэзыхахэр нэхъыбэжщ.***

- 2015 ГЪЭМ и накъыгъэ мазэм щыщIэдзауэ Урысей гъунапкъэр къызэпаупщIри, ди лъахэм къэкIуащ турист мелуани 3,5-м нэблагъэ. Вэсэмахуэ ятхащ Рицэ гуэлым къекIуэлIахэр мин 500 бжыгъэм нэзыгъэса зыгъэпсэхуакIуэр, - жеIэ Абхъазым и Правительствэм и лэжьакIуэм. Абы къызэрыхигъэщащи, республикэм цIыху мин 250-м нэс щопсэу, тенджыз Iуфэм километри 180-рэ еубыд.

#### ПхъэщхьэмыщхьэкIэ къулейщ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм мыIэрысэ тонн мини 10 къыщыпачыжыну я мурадщ. Гектар къэс мыIэрысэ центнер 50 къызэрыпачыр къэплъытэмэ, жыпIэ хъунущ ар республикэм дежкIэ къэмыхъуа бэвагъыу.***

АДЫГЕЙМ пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыным иужьрей илъэсхэм зыщеужь, жыгыфIхэр хасэ, абыхэм уэм щызыхъумэ сеткэ щхьэщагъэувэ. 2020 гъэ пщIондэ апхуэдэ сеткэу яукъуэдиинур метр мелуани 8,6-м нагъэсыну я мурадщ. Мы зэманым яхуэ илъэсым пхъэщхьэмыщхьэхэкI тонн мини 9 щаIыгъыфыну хъумапIэу 3.

#### Прунж бэвым поплъэ

***Прунж бэв къырахьэлIэжыну республикэр щыпоплъэ. Иужьрей илъэсхэм апхуэдэу къытрахыр хуэди 2,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Нэгъабэ тонн мин 20,6-рэ кърахьэлIэжащ.***

АДЫГЭ Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, прунж нэхъыбэ кърахьэлIэныр ар зытращIэ и щIым зэрыхагъахъуэм и фIыгъэкIэщ. Мы гъэм гектар къэс хуэзэу центнер 45,2-рэ, псори зэхэту тонн мин 34-рэ къытрахыну я мурадщ. Ар илъэс кIуам елъытауэ тонн мин 13,4-кIэ нэхъыбэщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

### Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 24, махуэку**

♦**Тенджызым и дунейпсо махуэщ**

♦**ЧэруанакIуэм и дунейпсо махуэщ**

♦1812 гъэм Бородино деж щекIуэкIа зауэм хэкIуэдащ пщы, дзэзешэ Багратион Пётр.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я нэхъыжь лIыкIуэхэм республикэм ис псоми зыхуагъэзащ къаруу яIэмкIэ нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэувэну.

♦1957 гъэм Барселонэ къалэм къыщызэIуахащ «Камп Ноу» стадионыщIэр. Иджыпсту ар Испанием и мызакъуэу, Европэми щынэхъ ин дыдэщ, цIыху 99.354-рэ йохуэ.

♦1993 гъэм Урысейм къыщызэрагъэпэщащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ комиссэ.

♦1999 гъэм Инджылызым и къалащхьэ Лондон къыщызэIуахащ Конан Дойль Артур и литературэ лIыхъужь цIэрыIуэ Холмс Шерлок и фэеплъ.

♦Уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, джэгуакIуэ **Сыжажэ Къылъшыкъуэ** къызэралъхурэ илъэси 152-рэ ирокъу.

♦Иордание Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и Парламентым и унафэщIу, премьер-министру, Сенатым и Iэтащхьэу щыта **Хьэбжокъуэ Сэхьид** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал, политикэ лэжьакIуэ, 1984-1985 гъэхэм СССР-м и унафэщIу щыта **Черненкэ Константин** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Рубальская Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦УсакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Семэн Руслан** къызэралъхурэ илъэс 67-рэ ирокъу.

♦«Къэбэрдей-Балъкъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI **Къардэн Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 25, мэрем**

♦1763 гъэм Екатеринэ ЕтIуанэм и унафэкIэ Москва къыщызэIуахащ Урысейм щыяпэ сымаджэщыр. Абы пащтыхь гуащэм и къуэ Павел и цIэр фIащауэ щытащ.

♦1818 гъэм инджылыз дохутыр Бланделл Джеймс дунейм щыяпэу зы цIыхум и лъыр адрейм хигъэлъэдауэ щытащ.

♦1934 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхоз-совхоз япэ спартакиадэр.

♦1941 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым унафэ ищIащ уIэгъэ хъуа зауэлIхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ комитет къызэрагъэпэщыну.

♦1991 гъэм ДОСААФ зэгухьэныгъэм и цIэр РОСТОкIэ зэрахъуэкIащ.

♦Совет композитор, пианист щэджащэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист **Шостакович Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист **Бондарчук Сергей** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Еутых Аскэр** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Пшынауэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щIыхь зиIэ я артист **ПщыхьэщIэ Мухьэжыр** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **Щэмырзэ Iэмырбий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Федосеевэ-Шукшина Лидие** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ зэщхьэгъусэхэу, «Оскар» саугъэтхэр зыхуагъэфэщахэу **Дуглас Майклрэ Зетэ-Джонс Кэтринрэ** къыщалъхуа махуэхэр ягъэлъапIэ. Майкл илъэс 71-рэ, Кэтрин илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 17 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ**

**ЩауэфIыр зэхэзекIуэмэ, цIэрыIуэщ.**

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

# Нэхъ быдэжу дызэкъуоувэ

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу Сэхъурокъуэ Хьэутий зэрыхахыжам, языныкъуэ «хэкупсэхэм» къызэралъытамкIэ, лъэпкъым и жылагъуэ зэгухьэныгъэ ин дыдэр - ДАХ-р - зэкъуиудынкIэ хъунут. Апхуэдэ хэхыныгъэмкIэ мыарэзыхэр Хасэм зэрыхэкIыжами адыгэ зэгухьэныгъэр нэхъ лъэщыж ищIащ, ДАХ-м щызекIуэ Iуэху еплъыкIэхэр дэзыIыгъхэм я бжыгъэри нэхъыбэж хъуащ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэщIхэм яхъумэфащ зэгухьэныгъэм и мардэ нэхъыщхьэхэр.**

«КАВКАЗЫР нобэ» хъыбарегъащIэ агенствэм ипэкIэ къызэритамкIэ, фокIадэм и 19-м Налшык щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ хасэм и конгресс. ДАХ-м и тхьэмадэу етIуанэ пIалъэкIэ щытыну абы щыхахыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Урысей Федерацэми хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми я лIыкIуэу конгрессым зыщезыгъэтха цIыху 73-м ящыщу Сэхъурокъуэм и кандидатурэм папщIэ Iэ яIэтащ 62-м. АбыкIэ арэзытэкъым делегати 10-р, зым Iэ иIэтакъым. Фигу къэдгъэкIыжынщи, адыгэпсо зэIущIэм ипэ къихуэу языныкъуэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къытехуэу хуежьащ ДАХ-м и унафэщIхэмкIэ, къапщтэмэ, зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и Iуэху зехьэкIэмкIэ, лъэпкъыр мыарэзы хуэдэу къызыхэщ тхыгъэхэр. И нэхъыбапIэм абыхэм я жэрдэмщIакIуэт Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щылажьэ щIыналъэ адыгэ хасэхэм я пашэхэр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, Адыгейм и «Адыгэ Хасэ - Адыгэ (Шэрджэс) парламентым» и унафэщI Бэгъущэ Iэдэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым и «Адыгэ Хасэм» и тхьэмадэ Шэрджэс Мухьэмэдрэ мэкъуауэгъуэм и кIэхэм жаIащ ДАХ-м къызэрыхэкIыжыр, абы и президентым иригъэкIуэкI политикэмкIэ зэрымыарэзым щхьэкIэ. «Къэнэжыр зыщ: фокIадэм щыIэну хэхыныгъэхэм ежьэнырщ. ДАХ-м и президентымрэ абы и къудамэ щIыпIэ адыгэ хасэхэм я унафэщIхэмрэ илъэсищ къэс щыхахыж адыгэпсо конгрессым. Сэхъурокъуэм и тетыгъуэм и пIалъэри фокIадэм и 19-м еух. Сэ сызэреплъымкIэ, ДАХ-м и иджырей президентыр а къулыкъум къытенэжмэ, зэгухьэныгъэр зэбгрылъэлъыжынущ, щыналъэ хъыбарегъащIэ агенствэхэм ящыщ зым яжриIащ Бэгъущэ Iэдэм, къищта унафэм тепсэлъыхьу. ДАХ-м и президентыр щIыхахыжым, IэIэт зэIухам кърикIуахэр къэзыбж комиссэм наIуэ къищIа нэужь, Адыгей Хасэм и пашэм, езыр конгрессым и лэжьыгъэм хэмытыххауэ, аргуэру мыхэр жиIащ: «Сэхъурокъуэм и кандидатурэмкIэ Iэ тIэтынукъым» жызыIэу щытахэр абы и телъхьэ хъуащ. Сэхъурокъуэм папщIэ Iэ яIэтын зымыдэххахэр, Iэ щаIэтым пэшым къыщIагъэкIащ».

Адыгэу дунейм тет псори зэкъуагъэувэжын папщIэ 1991 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэфIэкIхэр илъэс зыбжанэкIэ къагъэсэбэпащ адыгэ лъэпкъкIуэдыр Урысейм къэрагъэщтэн, апхуэдэуи Шэрджэс къэралыгъуэ ин Кавказ Ищхъэрэм къыщызэрагъэпэщын папщIэ. Адыгэ хэкупсэ нэпцIхэр нэхъ жыджэр къэхъуащ ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр Сочэ щрагъэкIуэкIыну хуитыныгъэр къыщахьэхуа 2007 гъэм иужькIэ. Абы щыгъуи ахэр хущIэкъуащ Олимпиадэм епха Iуэхухэр къызэпаудыну, «ди адэжьхэм я кхъащхьэхэр ягъэпудыну хущIокъу» жаIэри, арщхьэкIэ ДАХ-м и унафэщIхэм даIыгъакъым а «хэкупсэхэм» я мурадхэр. Зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр къащемыхъулIэм, ДАХ-ри лъэныкъуэегъэз ящIыжми хъуну къалъытащ абыхэм. Радикал-ислъам Iуэхухэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ нэхъ тIасхъэ щыхъуа мы зэманым «адыгэ Iуэхур» аргуэру башыпэм фIаIужащ. Лъэпкъ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн зэрыхуейм теухуа псалъэмакъхэр нэхъ ин хъуащ конгрессым ипэ къихуэу. Ахэр къезыхьэжьахэр хущIэкъуащ Сэхъурокъуэ Хьэутий иIыгъ къулыкъур къыIэщIахыу, ДАХ-м и Iуэхухэр езыгъэфIэкIуэн цIыхум IэщIалъхьэну.

КIэлъыплъакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэ унафэщIу жыджэру зыкъегъэлъагъуэ ДАХ-м и вице-президенту щыта Бэгъущэ Iэдэм. ЕкIуэкI хъыбархэм тепщIыхьмэ, ар хэтащ лъэпкъым и цIыху цIэрыIуэ зыбжанэ и телъхьэ къищIыну, арщхьэкIэ абы и Iуэху еплъыкIэхэр дэзымыIыгъар нэхъыбэщ. Бэгъущэм иужьрейуэ жиIа псалъэхэм конгрессым кърихьэлIахэр къызэщIиIэтащ. Тыркум щылажьэ Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм (КАФФЕД) и лIыкIуэу ДАХ-м и гъэзэщIакIуэ комитетым илъэс куэд лъандэрэ хэт Къущхьэ Догъэн «Кавказыр нобэ» агентствэм и корреспондентым зэрыжриIамкIэ, конгрессыр екIуэкIащ, демократиер щытепщэу, дэтхэнэми и Iуэху еплъыкIэр хуиту къигъэлъагъуэрэ ар и лъэпкъэгъухэм я деж нихьэсыну Iэмал иIэу. «Конгрессым къекIуэлIахэм Сэхъурокъуэ Хьэутий папщIэ Iэмал имыIэу Iэ яIэтын хуейуэ къытракъузауэ Бэгъущэм зэрыжиIэр ар, нэхъ мащIэ дыдэрауэ, бзитIщхьитIыгъэщ. ДАХ-м и президенту Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэрыдгъэлъэгъуэнумкIэ унафэр Истамбыл нэхъапэIуэкIэ къыщытщтакIэт. Конгрессым ипэ къихуэу а хъыбарыр сэ езгъэщIакIэщ ДАХ-м и хасащхьэм хэт псоми. ЩIыпIэ адыгэ хасэхэм я лIыкIуэ псоми сепсэлъащ сэ, Сириеми Иорданиеми къикIа делегатхэри яхэту, - ахэри къэкIуат, Сэхъурокъуэм папщIэ Iэ яIэтыну хьэзыру, - къыхигъэщащ КАФФЕД-м и лIыкIуэм. - Сэхъурокъуэм и кандидатурэр дэзымыIыгъхэр IэIэтым ипэкIэ ар щекIуэкI пэшым къызэрыщIашар - ар пцIы зэфэзэщщ. Iуэхур зэрекIуэкIа псори видеокIэ трахащ, къинэмыщIауэ, зэIущIэм щIэсащ журналистхэр, абы щылэжьащ мандат комиссэр. ГурыIуэгъуэкъым ахэр жызыIэ цIыхухэм апхуэдэ пцIыхэмкIэ я напэр щIызытрахыжыр. Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэхэм игъэпудыр ди лъэпкъпсо зэгухьэныгъэм, адыгэ зэщIэхъееныгъэм я закъуэкъым, атIэ ахэр щIыпIэ хасэхэм я пашэу хэзыха цIыхухэми я напэр трах. Гугъущ зыгурыбгъэIуэну Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэ хасэхэм я пашэхэм къащта унафэхэр, арщхьэкIэ Урысейми хамэ къэралхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм сэ быдэу яжызоIэ: «Дунейпсо Адыгэ Хасэр хъума хъун папщIэ дэ сытри тщIэнущ. Абы и пIэкIэ къызэрагъэпэщыну хущIэкъу сыт хуэдэ зэгухьэныгъэри «лIауэ къалъхуа сабийуэщ» къызэрытлъытэнур».

Сирием щыщыIэ щытыкIэм тепсэлъыхьащ, а къэралым ис адыгэхэм Урысей Федерацэр дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъури къыхигъэщащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къэбэрдей Аднан. Апхуэдэу абы диIыгъащ Къущхьэ Догъэн жиIахэри. «Сирием щыщыIэ щытыкIэр къарукIэ и пIэм игъэувэжын хуейуэ США-м ООН-м дапщэрэ къыщигъэлъэгъуами, зиусхьэн Лавровыр абы пэщIэувэфащ. Апхуэдэу къэхъуху дэ дыкIуащ Урысей посольствэм икIи фIыщIэ ин яхуэтщIащ абы щылажьэ къулыкъущIэхэм. Къэхъуамэ, Урысейр къызэрытщхьэщыжынум и щыхьэту, «Новочеркасск» зауэ кхъухьыр ди тенджыз Iуфэм къыIухьауэ щытлъэгъуам щыгъуэ, дэ ди Щхьэщыгу Итым фIыщIэшхуэ хуэтщIащ, дэIэпыкъуэгъуу ди кхъухьыр къызэрытхуигъэкIуам папщIэ». Ди жагъуэ зэрыхъущи, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ я лIыкIуэхэм нобэ ирагъэкIуэкIа псалъэмакъхэм дэ Урысейм Iей дыхуищIынкIэ хъунущ. Ар, япэрауэ, къуаншагъэ ину къызолъытэ Сирием щыпсэу адыгэхэм къытщхьэжыну хьэзыр къэрал закъуэм елъытауэ. ЕтIуанэрауэ, зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Урысей Федерацэр адыгэхэм я хэкужьу игъащIэми къызэрекIуэкIыр. Ауэ щыхъукIэ, а хэкур хъумэн, и фIыгъуэхэр бгъэбэгъуэн хуейщ», - жиIащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэм.

Конгрессым хэта нэгъуэщI лIыкIуэхэм зэдэарэзыуэ къызэрыхагъэщащи, зэIущIэм къыщрахьэжьа Iуэху мыщхьэпэмкIэ ДАХ-р зэкъуэудыным и закъуэкъым зыхуэгъэпсар, атIэ ар хуэунэтIащ а лъэпкъпсо зэгухьэныгъэм къыпэхъун нэгъуэщI адыгэ зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыным.

«ДАХ-м и пIэкIэ къызэрагъэпэщыну жыхуаIэ нэгъуэщI лъэпкъпсо зэгухьэныгъэхэр пэжыжьэщ адыгэ Iуэхум, лъэпкъым къыпэщылъ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ. Абыхэм я жэрдэмщIакIуэхэм зэрахуэр езыхэм ехьэлIа геополитикэ Iуэху гуэрхэр апхуэдэ щIыкIэкIэ зэфIахынырщ. Апхуэдэ щытыкIэм итащ Германиер. Къинэмыщауэ, а Iуэхугъуэхэмкiэ я мураду къыщIэкIынущ Урысей къэралыгъуэр къагъэтIэсхъэнри», - куэдым жаIар къызэщIикъуэжу къэпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къэзэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, Голландием щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэткъуэ Фэтхьи.

P.S. Конгрессым и лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, ДАХ-м и къэпщытакIуэ комиссэщIэм хъыбар дигъэщIащ зэгухьэныгъэм хыхьэну гукъыдэж зиIэ щIыпIэ адыгэ хасэу 6-м абыкIэ лъэIу тхылъ Хасащхьэм зэрагъэхьамкIэ. Ахэр ДАХ-м хэгъэхьэнымкIэ унафэр къащтэнущ, абы ипэ къихуэу егъэкIуэкIыпхъэ Iуэху псори зэфIэкIа нэужь.

**ЦIАГЪУЭ Инал.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху



Мэккэ хьэж щащI. *2015 гъэ*

# ЦIыху мелардхэм я плъапIэ

● Ислъам

**Дунейм щыпсэу цIыху мелардитIым нэблагъэм зэгъусэу нобэ Къурмэн хьидым щIадзэ. Ар ислъам диным и фарзитхум языхэзщ. Абы ипэ къихуэу цIыху мелуанитIым нэблагъэм Мэккэ хьэж щащIащ.**

ИУЖЬ ДЫДЭУ 2013 гъэм и мазаем къызэрабжамкIэ, дунейм и къэрали 197-м, къамылъыта къэралыгъуэхэри яхэту, муслъымэнхэр зэуIуу щопсэу. ИлъэситIрэ ныкъуэрэ ипэкIэ абыхэм я бжыгъэр цIыху 1 мелардрэ мелуан 757-рэ мин 293-рэ хъууэ щытащ, иджы мелардитIым зэрынэхьэсащ. Ар дунейм щыпсэум и Iыхьэ плIанэ мэхъу.

Муслъымэнхэр щIыпIэ псоми щыкуэдщ. Нэхъыбэ дыдэ щыпсэур, дауи, Азиерац (1 мелардрэ мелуани 179-рэ). Абы къыкIэлъокIуэ Африкэр (мелуан 518-рэ), Европэр (мелуан 50), Америкэ Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ (мелуани 10-м щIигъу), Австралиемрэ Океаниемрэ (мин 700-м нэблагъэ).

Къэралыгъуэ 39-м щыпсэум я процент 80-м щIигъур муслъымэнщ. Иджыри къэрал 13-м ахэр куэдкIэ щынэхъыбэщ - процент 50 - 79-рэ. Муслъымэн нэхъыбэ дыдэ щыпсэур Индонезиерац - мелуан 221-м щIигъу. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ Индиер (мелуани 178-рэ), Пакистаныр (мелуани 177-рэ), Бангладешыр (мелуани 145-рэ), Нигериер (мелуан 89-рэ), Египетыр (мелуан 80), Иранрыр (мелуан 78-рэ, Тыркур (мелуан 75-рэ).

Урысей Федерацэм муслъымэн мелуан 20-м нэблагъэ щопсэу. Къэрали 125-м икIауэ мы гъэм хьэжыщI щыIахэм ди хэкуэгъу мин 16,5-рэ яхэтащ. Абыхэм ящыщу цIыху мин 12,5-р Кавказ Ищхъэрэм икIащ.

**МУСАЕВ Iэдэм.**
*«Ансар» интернет сайт*



● ЖКХ

# Гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

**Я унэхэр зэгъусэу гъэплъыным щыщIадзэным пэплъэу Урысейм щыпсэухэр дяпэкIэ щIыIэм исынукъым. Языныкъуэ унэхэм хуабэр яIэрыхьэнущ щIыпIэ Iэтащхьэхэм апхуэдэ унафэ къызэращтэу. Апхуэдэ жэрдэм къыхилъхьащ УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм.**



АРЭЗЫ техьуэн папщIэ законопроектыр зи сэбэп хэлъ адрей министерствэхэм хуагъэхьащ. Абы иужькIэ правительствэм щыхэплъэнущ.

Батарейхэм хуабэ щагъэкIуэнум теухуауэ иджыпсту Урысейм и къалэ псоми мардэхэр щызэхуэдэщ - махуитхукIэ зэкIэлъхьэужьу дунейм и хуабагъыр жэщ-махуэм ику иту градуси 8-м фIэмыкIмэ. Щагъэплъ пIалъэр еух а бжыгъэм хуабэр махуитхукIэ фIэкIмэ. Дауи, апхуэдэ щытыкIэм игъэтхьэусыхэр мащIэкъым. А псоми я щхьэр щIезыгъэхьа щIыпIэ унафэщIхэр УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм елъэIуащ щытыкIэм зрагъэхъуэжыну.

«Урысей субъектхэм зыкъызэрытхуагъэзам ипкъ иткIэ, дэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэтлъхьащ гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм щыщIидзэмрэ щиухымрэ щIыналъэхэм езыхэм яубызыхуну хуит тщIыуэ. Абы Iэмал къитынущ щIыпIэм щыщыIэ щытыкIэм елъытауэ унафэр къащтэну», - жиIащ ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министрым и къуэдзэ Чибис Андрей. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм щыщIидзэным пэплъэурэ ди цIыхухэр тхьэмахуэ-тхьэмахуитIкIэ бжьыхьэм щIыIэм щрагъэсу щыта мыхъумыщIагъэр къызэнэкIа хъунущ. Гъатхэми хуабэр къатын щыщагъэтынур дунейм и хуабагъыр зэтеува иужькIэщ. ХэкIыпIэу тIу къагъэлъагъуэ: щIыпIэ властхэм хуабэр щаутIыпщынур дунейм и щытыкIэр градуси 8-м фIэмыкIмэ махуитхукIэ пэмыплъэу, къапщтэмэ, махуитI дэкIауэ иужькIэщ е температурэр градуси 10-м фIэмыкIмэщ.

«ЖКХ Контроль» НП-м и гъэзэщIакIуэ директор Разворотневэ Светланэ къызэрилъытэмкIэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм цIыхухэм я гъащIэр нэхъ тынш ищIынущ. Псом хуэмыдэу ищхъэрэ щIыпIэхэм щыпсэухэм. АбыкIэ температурэр махуэ зытIущым къриубыдэу хуабэм икIыу псынщIэ дыдэу щIыIэм хуэкIуэфынущ. Хуабэм еса ипщэ лъэныкъуэм щыпсэухэри дунейм и щытыкIэр градуси 10-м еха иужькIэ щIыIэм ес икIи уз зэмылIэужьыгъуэхэр япкърохьэ. «ЩыпIэм щыпсэухэм яфI хэлъу унафэхэр къэщтэныр мардэу щытыпхъэщ, - жеIэ Разворотневэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу ящIыр хуабэр зы щIыпIэм къикIыу къыщаутIыпщыр зэрыарар. Мыдрейхэм щыхуейм и деж я батарейхэр гъэплъын щIадзэ.

Экспертхэм яфIэкъабылщ УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм и жэрдэмыр. Абы щыгъуэми къалъытэ мылъку къыдагъэхуэн папщIэ щIыпIэ властхэм хьилагъэм хуэкIуэну Iэмал етын хуэмейуэ икIи иджыпстурей щытыкIэр нэхъ Iей ищIыну хуимыту законопроектым хэгъэхьапхэу.

Урысей Федерацэм 2015 гъэм и гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм щIидзакIэщ. Батарейхэм хуабэр щраутIыпщхьащ Ямало-Ненецкэ автоном округымрэ адрей ищхъэрэ щIыпIэхэмрэ. Абы хуэхьэзырщ Мэзкуу, Санкт-Петербург, Тулэ къалэхэр, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэр.

**ДОМЧЕВЭ Еленэ.**
*«Российская газета»*

● Ди гъунэгъухэм я деж

### ГидроэлекторстанцыщIэ яутIыпщ

*Дагъыстэн Республикэ.* ***Авар Койсу псым тращIыхьа гидроэлетростанцым лэжьэн щIидзащ.***

МазитIым нэблагъэкIэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр тэмэмэу зэфIэкIащ. Абыхэм яужькIэ ГЭС-р яутIыпщащ.

Сыт щыгъуи электрокъарур щызэпэубыда Дагъыстэным и бгы лъагэ щIыпIэхэм дяпэкIэ ар нэхъ пэрыхьэт щыхъунущ. Иджыблагъэ яухуа гидроэлектростанцыщIэм и фIыгъэкIэ илъэсым къэлэжьа хъунущ киловатт-сыхьэт мелуан 350-м щIигъу.

### Пхъэщхьэмыщхьэр къыпачыж

*Шэшэн Республикэ.* ***Гудермес щIыналъэм щыIэ «Шэшэным и жыг хадэхэр» IуэхущIапIэм къыпцIэмрэ мыIэрысэмрэ къыпычыжын щыщIадзащ.***

Гектар 12-м къыпцIэ тонн 20 къыщыпачыну я мурадщ. МыIэрысэми куэдкIэ щогугъ. Ар гектар 32-м щагъэкI.

Шэшэным и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм хъыбар къызэрыщыдагъэщIамкIэ, зи гугъу тщIы IуэхущIапIэм зы илъэсым къриубыдэу жыгыщIэ мин 250-рэ щащэ икIи пхъэщхьэмыщхьэ тонн 200-м щIигъу къыщыпач.

Иджыпсту фирмэм гектар 500 иIыгъщ. 2009 гъэм къызэIуаха IуэхущIапIэм цIыхуи 150-рэ щолажьэ. Абы и зэфIэкIхэм мыгувэу хэпщIыкIыу хигъэхъуэну и мурадщ. Къапщтэмэ, жыгыщIэу мелуаным нэс ищэну, пхъэщхьэмыщхьэу тонн мини 10 къыпичыну хущIокъу.

### Ингушым и деишхуэ хадэхэр

*Ингуш Республикэ.* ***Сунжэ щIыналъэм хыхьэ Нестеровскэ къуажэм пэгъунэгъуу республикэм щыяпэу деишхуэ хадэ щагъэтIысащ.***

Иджыпсту хадэм гектар 20 еубыд. Iуэхур къезыхьэжьа хьэрычэтыщIэ Медов Абдурэхьман къелъытэ «чендлер» америкэ дэ лIэужьыгъуэм псынщIэу зиужьу, куэд къыпыкIэу икIи щIэупщIэшхуэ иIэу. Зы гектарым абы дэ тонн къытрихыну щогугъ.

Деишхуэ хадэр гъэтIысыным, абы и Iэгъуэблагъэр зыхуей хуэгъэзэным доллар мин 90-м нэблагъэ текIуэдащ. Ингушым и Iэтащхьэ Евкуров Юнус-Бэч унафэ ищIащ иджыри щIы гектар 20 хьэрычэтыщIэм хухахыну, и Iуэхум нэхъри зригъэубгъуну Iэмал иIэн папщIэ.

### Интернетым зрагъэубгъу

*Ставрополь край.* ***Губернатор Владимиров Владимиррэ «Ростелеком»-м и вице-президент Шипулин Александррэ тепсэлъыхьащ щIыпIэм связымрэ интернетымрэ зэрызыщиужьынум.***

ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, псори зэхэту километр миниплIкIэ кабелхэр яукъуэдиинурэ, жылагъуи 136-м интернет зэпыщIэныгъэхэр хуашэнущ. Абыхэм хохьэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IэнатIэхэри.

«Ростелеком»-м и мурадщ Ставрополь крайм связымрэ интернетымрэ зыщригъэужьын папщIэ езым и мылъкум щыщу сом мелуан 800-м щIигъу хилъхьэну.

# ЩIыхуэм щIигъэнахэм я бжыгъэм хохъуэ

● Абы дегъэпIейтей

**Урысей Федерацэм и цIыху мелуанихым щIигъум яхуэмыпшыныж щIыхуэхэр ятелъщ.**

«Секвойя» коллектор компанием иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ди къэралым и цIыхухэм я ахъшэ щIыхуэхэр зэтрагъэхьэ зэпытщ. Псом хуэмыдэу куэдщ банк зэмылIэужьыгъуэхэм езымытыжыфхэр. Сом минипщIым къыщыщIэдзауэ нэхъыбэж иджыпсту ятелъщ Урысейм и цIыху мелуанихым щIигъум.

### Зыр адрейм епхащ

Iуэхугъуэ нэхъ хьэлъэр кредиту къащта ахъшэр зэрамытыжыфырщ. Мыбдежым псори зыр адрейм щепхыжащ: экономикэр щытыкIэ хьэлъэм итщ, улахуэхэм хощI, уасэхэр доуей. Нэгъуэщу жыпIэмэ, щIыхуэ къэзыщтахэм ар зэрапшыныжын ахъшэ къахуэнэжыркъым.

Кризисым и кууагъыр ди жыпхэмкIэ зыхэтщIащ. Росстатым къызэритымкIэ, дызэрыт илъэсыр къызэрихьэрэ цIыхухэм ипэжыпIэкIэ я хэхъуэм (инфляцэр хэбгъэкIыжмэ) процентри 6,4-кIэ хэщIащ.

- Нэхъапэм цIыхум и хэхъуэм щыщу процент 30-р щIыхуэр ирипшыныжыным тригъэкIуадэрэ, адреймкIэ къэпсэуфу щытамэ, иджы уасэхэр дэнэкIи зэрыщыдэкIуеям къыхэкIыу апхуэдэу хузэфIэкIыжыркъым, - жеIэ Кредит IуэхухэмкIэ лъэпкъ бюром маркетингымкIэ и директор Волков Алексей. – Шэч хэлъкъым абы къыхэкIыу щIыхуэхэр зэрызэтрихьэми.

Иджыри зы щхьэусыгъуэшхуэ - банкхэм кредитыщIэ тыныр ягъэмэщIащ.

- 2013 гъэм икухэм щегъэжьауэ банкхэр щIыхуэ къэзыщтэхэм нэхъ ткIийуэ ябгъэдыхьэ хъуащ, - жеIэ Волковым. - Зи кредит тхыдэм Iуэху мыщхьэпэхэр (кредитыр тыжыныр зэригъэгувар е псэупIэ-коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ щIыхуэ зэрытелъыр) къыщыгъэлъэгъуахэм иджыри щIыхуэ къыIахыныр хуабжьу гугъу ящIащ. Абы щыгъуэми языныкъуэхэм щIыхуэщIэ къащтэурэ щIыхуэжьхэр яшшыныжу щытащ, иджы апхуэдэу яхузэфIэкIыжыркъым.

Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, кредит щIыхуэм и закъуэкъым цIыхухэм яхуэмыпшыныжыр. ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм щIатын хуей ахъшэри куэдым яхузэфIэкIыжыркъым. Абы щызэтрихьа щIыхуэр 1 триллионым щIигъуащ. Илъэс къэс а щIыхуэм ику иту сом меларди 100 хохъуэ. Пэжщ, абыхэм я нэхъыбэр предприятэхэм яхуозэ, процент 20-ращ цIыху щхьэхуэхэм ятелъыр. Ауэ ахэри гупитIу бгуэш мэхъу. Процент 70-м щIыхуэр къафIэIуэхущэкъым икIи мыхьэнэшхуэ иратыркъым, дапщэщи япшыныж хъуну къалъытэри. Адрейхэм яхузэфIэкIыркъым я хэхъуэр зэрымащIэм къыхэкIыу.

### Iыхьэ пщIанэм ахъшэр занщIэу къагъуэт

ЩIыхуэ зытелъхэм ахъшэр къыIащIэгъэкIыжын папщIэ ди хабзэгъэувхэр сыт хуэдэ Iэмал зыхуэмыкIуар?! Къыхалъхьат рулым дэтIысхьэну хуит зыщI хуитыныгъэхэм апхуэдэхэр пыгъэкIыпхъэу, я унэцIэхэр хэIущIыIу щIыпхъэу, нэгъуэщIхэри. АрщхьэкIэ нэхъ кIуэцIрыкIар хамэ къэралхэм кIуэну хуит мыщIыныр щ. Хабзэм ипкъ иткIэ суд приставхэм къэралым ибгъэкI мыхъунухэм я спискэр зэхалъхьэ. Абыхэм хагъэхьэ налог Iызыххэм, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэ къытхуэзыщIэхэм, я щхьэгъусэу щытахэм, банкирхэм я щIыхуэу сом мини 10-м щIигъу зытелъхэр. Гъунапкъэхъумэхэр а спискэхэм хоплъэри, къэралым икIхэр зэхадз. Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум къызэритымкIэ, щIыхуэ зэрателъым къыхэкIыу хамэ къэралхэм кIуэну хуимытхэм я бжыгъэр мин 880-м щIегъу.

- ЩIыхуэр зытыжыну хуэмейхэр къэгъэIурыщIэнымкIэ ар хуабжьу IэмалыфIщ, - жеIэ «Секвойя» коллектор компанием и президент Докучаевэ Еленэ. - Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, хамэ къэралхэм кIуэну къызэрыпаубыду щIыхуэ зытелъхэм я проценти 10-м занщIу ахъшэр къагъуэт.

### Зыхуэмыпшыныжхэм я бжыгъэм адэкIи хэхъуэнущ

Урысей Федерацэм и Банк Нэхъыщхьэм и процент ставкэхэм хуэмурэ хощI. Кредит зыт IуэхущIапIэхэми хуэмеищэурэ щIыхуэ зэрат процентхэм кIэрагъэху. Банкхэм ахъшэ къалэжьын хуейкъэ?!

Абы щхьэкIэ къэмынэу, щIыхуэхэр зыхуэмыпшыныжхэм я бжыгъэм адэкIи хэхъуэнущ.

- Урысейм щIыхуэ къыщызыщтэхэм я «кредит узыншагъэм и индексым» илъэс ещанэ хъуауэ хощI, - жеIэ Волков Алексей. - Абы къегъэлъагъуэ щIыхуэ къэзыщтэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, ар зытелъхэм зэрахуэмыпшыныжыр. Кредит щIыхуэхэр ди къэралым и цIыху мелуан 35-м иджыпсту ятелъщ. Ахэр зымыпшыныжыфу пIалъэм щIезыгъэгъуахэр мелуани 5-6-м ноблагъэ.

Экспертхэм къызэралъытэмкIэ, ди экономикэм и щытыкIэм фIы и лъэныкъуэкIэ икIэщIыпIэкIэ зимыхъуэжмэ, щIыхуэу къащтахэр зымыпшыныжыф цIыхухэр мыгувэу куэдыщэ хъунущ. Абы кърикIуэнур хуэгъэфэщэгъуейщ.

**БЕРОЕВЭ Нигинэ.**
*«Комсомольская правда»*

*Урысейм щыпсэухэм ятыж щIыхуэр*

| | | |
|---|---|---|
| Зи пIалъэ икIа кредитхэу | - | сом триллион 1,7-рэ |
| Налогхэмрэ къыхэхыныгъэхэмрэ | - | сом мелард 265-рэ |
| Алиментхэу | - | сом меларди 100 |
| ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуэу | - | сом мелард 59-рэ |
| ГИБДД-м и къуэдыуэ | - | сом мелард 11 |

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

# Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Зэзыдзэк Іар ЧЭРИМ Марьянэщ

*(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159 - 160, 164, 166-167, 173, 175, 177,184-хэм итщ).*

## Зэпыуауэ гу лъыптэркъым

*Дунейпсо литературэм нэхъ щыцІэрыІуэхэм ящыщщ курж ы усакІуэ Руставели Шота итха «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлІ» тхыгъэшхуэр. Поэмэр бзэ ІэджэхэмкІэ зэрадзэкІащ. Ар адыгэбзэм иригъэзагъэри, Тхьэгъэзит Зубер 1982 гъэм къыдигъэкІащ.*

*Куэд щІакъым а поэмэ дыдэр Бер Хьэбалэ зэридзэкІауэ къызэрагъуэтыжрэ. ( Абы теухуауэ ди газетым тетащ мэкъуауэгъуэм и 27-м). Тхьэгъэзитымрэ Берымрэ зэрадзэкІахэр щызэбгъапщэкІэ, гу лъыботэ тІуми а лэжьыгъэм гуащІэшхуэ зэрырахьэлІам. ЗанщІэу жыІэпхъэщ тхыгъэм и фІэщыгъэр зэрызэрадзэкІа щІыкІэр зэрызэтемыхуэр. Тхьэгъэзитым «Къаплъэныфэ зыщыгъ зауэлІ» жиІэу ищІамэ, Берым ейр «Къаплъэныфэр зи фащэ зауэлІщ».*

*Зэрытха хъэтІкІэ убгъэдыхьэмэ, поэмэр зэрызэдзэкІыгъуейр ІупщІщ. Тхыгъэм и ухуэкІэри купщІэри Хьэбалэрэ Зуберрэ яхъумэфащ.*

*Берым зэрызэридзэкІам и гугъу пщІымэ, и адыгэбзэр зэрыкупщІафІэм, шэрыуэм гу лъумытэнкІэ Іэмал иІэкъым. Мыбы дыщыхуозэ езы Хьэбалэ и жыІэкІэ, псалъэм и къэгъэсэбэпыкІэ щхьэхуэхэми. Ауэ ахэр зыхуэлажьэр тхыгъэр къызэриІуэтэжа адыгэбзэр нэхъ купщІафІэрэ гурыІуэгъуафІэрэ хъунырщ, адыгэбзэм и зэфІэкІыр нэсу къэгъэсэбэпынырщ.*

*Бер Хьэбалэ и къуэ Азрэт зэрыжиІэмкІэ, и адэр поэмэм илъэс 35-кІэ елэжьащ икІи, ди жагъуэ зэрыхъущи, и кІэм нигъэсыну хунэмысауэ дунейм ехыжащ.*

*Иужьрей Іыхьищымрэ кІэухымрэ нищІысыжащ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ Чэрим Марьянэ. Абы хузэфІэкІащ тхыгъэр Берым зэрызэридзэкІауэ щыта жыпхъэм иту, и хъэтІкІи ухуэкІэкІи хэзагъэу и кІэм нигъэсыжыныр.*

*Чэримыр зэлэжьа Іыхьэхэм сыкъыщеджэм, сыкъигъэуІэбжьу сымыгъэщІэгъуэн слъэкІакъым а Іуэху гугъу дыдэр Марьянэ дагъуэ хуумыщІыфыну къызэрехъулІар.*

*Бер Хьэбалэ зэридзэкІахэр бухауэ, Марьянэ зэридзэкІам ущыхыхьэкІэ, зэмыщхьыныгъэ, зэтемыхуэныгъэ гуэрхэми укъамылъахъэу, зыщІыпІэ деж зыгуэр зэпыуауи гу лъумытэу, адэкІэ пыбощэ.*

*Газетым еджэхэми къалъытэфынущ Чэримым и лэжьыгъэр зыхуэдэр, ар мы къыдэкІыгъуэм щегъэжьауэ газетым тредзэри.*

**УЭРЭЗЕЙ Афлик.**

### LXI
### Тинатинрэ Автандилрэ я хьэгъуэлІыгъуэр хьэрып пащтыхьым деж зэрыщекІуэкІар

**Автандил пащтыхь щІыналъэм егъэлъапІэ и нэ и псэу,**
**Тариэл, и плъэкІэ щабэр и бэракъыу, щысщ и гъусэу,**
**Нурыр ящхьэщытщ гуащитІым, дыщэ бзийкІэ бэм хуэупсэу,**
**Уэгур щІым къеха пэлъытэщ, а дыгъитІыр и фІэхъусу.**

**Я бысымыр псэ хьэлэлщи, хэщІ имыІэ и шыгъупІастэм,**
**Къурмэныпхъэ щохъу абдежым пшахъуэ пэбжу былым гуартэ.**
**ХьэщІэр тыгъэкІэ гъэфІэныр фІэкъабылщ хэгъуэгу тхьэмадэм,**
**Тинатин я дыгъэ ныпу, зэщІаІэтэ уэредадэр.**

**Щолыд мыщІэр пІыгъ Іэгубжьэм, щопщІыпщІ гуплъ хэгъэжыхьахэр,-**
**ХьэкъущыкъУ лъапІэ зэмыфэгъухэр екІущ, хамэщІхэм щапсыхьахэу.**
**Псапэт нысашэ хъыбарыр усакІуэфІым итхыжамэ,**
**«ТІэкІу сыщыІэжарэт!» - уэри жыпІэнт, урагъэблэгъамэ.**

**Уэрэдыжьхэм ядежьууэ пшынэ Іэпэр зэщІагъаплъэ,**
**ДыщэхэкІхэр, налкъут лыдхэр Іуащхьэ лъагэу зэтралъхьэ,**
**Я махъсымэр хы толъкъуну я кхъуэщынхэм къыщокъуалъэ,**
**Махуэр жэщым лъигъэІэсу, санэхуафэм екІу и пІалъэ.**

**Къулейсызи ныкъуэдыкъуи пащтыхь лъапсэм щагъэгуфІэ,**
**Налмэс самэу а махуэшхуэм зэтрахыр хэт ибжыфрэ?!**
**Дыщэ кІанэм, алътес пІащІэм ящІ цІыху цІыкІур насыпыфІэ,**
**Тариэли хьэгъуэлІыгъуэм щихь махуищым егъэбжьыфІэ.**

**Пщэдей гуэрми хьэрып тепщэм къыпищэнущ уэредадэм,**
**Тариэл жреІэ: «Дыгъэ! Гур егъафІэ уи фэ уардэм!**
**Пщым я пщыж, уи гуащэм уэрэ дунеишхуэм фрикІадэщ!**
**Тхьэгъу нэхъей, дигъэщІэращІэу, фи фэеплъ трелъ ди натІэ».**

**«Сэ уэ пхуэдэм сыбгъэдэсу сыщысыныр схуэмыфащэ!» -**
**ЖеІэри, абдеж щеухуэ нэр щыджыл тахътэ дахащэ.**
**Тинатинрэ Автандилрэ езым ибгъукІэ щощІэращІэ,**
**Тариэл къыхуащІа тыгъэ къомыр щІоуэ уафэ лъащІэ.**

**Егъэтхъэж хьэрыпхэр тепщэм - уи насыпкъэ, урихьэщІэм,**
**Пщыи пщылІи и зэхуэдэщ, щытхъур дэнкІи щыхуагъэшу,**
**Зигъэпащтыхьын игу къэкІкъым, щэныфІагъщ къазэрыхэщыр.**
**Автандилрэ Придонри щысщ, цей плъыжьхэр я фащэщІэу.**

**Тариэлрэ Дареджанрэ Ростан и гур ятхьэкъупэт,**
**ИгъэфІэнкІэ зимыгъэнщІу, мыр и малъхъэт, мор и нысэт,**
**Яритам и Іыхьэ щанэр убжыххэныр Іуэху мылъытэт,**
**Тажи, аби, Іэщэ-фащи мывэ лъапІэхэм къакъутэт.**

**ЗэпсэгъуитІым я пщІэ лъагэр къигъэлъагъуэт тыгъэу хуащІым:**
**Налкъут кІанэхэр тхьэрыкъуэм и джэдыкІэм хуэдэу пІащэт,**
**Мывэ лъапІэхэу мин бжыгъэр Урым джэдхэм яхуэфащэт,**
**Къуршу уардэ шы мин гуартэр хэплъыхьауэ лъэпкъыфІ защІэт.**

**Тепщэчибгъу налкъутналмэсу Придон хахуэм хузэралъхьэ,**
**Хуарибгъу, Іэпслъэпс япщІэхэлъу, абы ищІыІу хутралъхьэ.**
**Къызэпхыщу щхьэщэм щэныр, Инд пащтыхьым зыщигъэщхъкІэ,**
**Къэжанами, фІыщІэ зыщІыр зэрыІущым уІуегъаплъэ.**

**КІэщІу жыпІэм, мазэ псокІэ Іуфэм Іумызэгъэж кхъуафэу,**
**Зэхэтащ а хьэгъуэлІыгъуэр шхэуэ, ефэу, джэгуу, къафэу.**
**Вагъуэ пэбжу мыщІэ кІанэ Тариэлым къыхуахьахэм**
**ЯутІыпщ бзийхэр уафэхъуэпскІыу ятридзэрт къеблэгъахэм.**

**Розэ гулъым уэс тесауэ шыфэлІыфэм къыпфІигъэщІу,**
**Тариэл Ростан хуегъакІуэ Автандилу и жыІэщІэр,**
**ЖриІэну: «Уэ бысыму узиІэныр насып защІэт,**
**Ауэ бийм иІыгъщ си хэкур, бзаджэу зэрихьар фІэмащІэу.**

**Акъыл зиІэм и пщэрылъкъэ хигъэщІэныр лей зезыхьэр?**
**Сэ гукъеуэ къыздэфлъагъумэ, фэри хъункъэ фи бэлыхь ар?**
**Семыжьэжу хъукъым, гувэр щІегъуэжынущ, хэлъми лІыгъэ,**
**Къэзгъэзэнщ сэ згъэфІэжыну пщІэ къысхуэзыщІа пащтыхьыр».**

**Ирет жэуап Ростевани: «Зиусхьэн, умыукІытэ,**
**Уи Іуэху зэрехъулІэм хуэкІуэу щІы унафэ, уэркъэ хуитыр!**
**Автандил нэкІуэнщ уи гъусэу, дзэ нэхъ лъэщхэм я пэрыту:**
**Ялъырес лъыр зи нэрыгъхэм лъыщІэжэгъуми и гулъытэр».**

**Автандили, зэгуэпауэ, Тариэл хуехьыж жэуапыр.**
**Модрейм жеІэ: «Ягъэ кІынкъым, Іух абджыпсыр уи ІуплъапІэм,**
**Дыгъэр мазэм хуэзагъащІэу, хэт дыхьэфын я зэхуакум?!»**
**Автандил жэуап ет: «Лейуэ си ныбжьэгъум сегъэжакъуэ.**

**Мысэ сыпщІу уежьэжыныр уэ сэ слъагъум уи гуращэщ,**
**Уяпэ изгъэщ хуэдэу жыпІэу си щуІэгъэ къашагъащІэр.**
**Уегупсыскъым гъащІэр гугъуу зэрысхьынум, сыппэІэщІэу,**
**Си ныбжьэгъур гуауэм хэту къэзгъэнэныр схуэбгъэфащэу».**

**Гулъ гъэгъам уэсэпс трипхъэу, Тариэл ар къегъэувыІэ,**
**ЖеІэ: «Сэри сыппэжыжьэм, гухэщІ хьэлъэм сегъэгуІэ,**
**«Дежьэнщ тІури дызэгъусэу, нэхъ къэпщтэнум», - схужымыІэ...»**
**Арт зыхуейри Автандили, хьэрыпыдзэр темыпыІэ.**

**Шы лъэрыгъхэм зэдоувэ Автандил и ІэщэхуэфІхэр,**
**ЛІыфІ нэщэнэу уззэдахэщ мин пщІейм нэс хьэрып щІалэфІхэр:**
**Хорезм щащІащ шыми шуми Іэщэфащэу япщІэхэлъхэр,**
**Хьэрып хэкум и пащтыхьри кІэлъокІуатэ и зекІуэлІхэм.**

**ЗэшыпхъуитІым ещхьу, ІэплІэ зэхуащІыжти нысащІитІым,**
**Шыпхъу тхьэрыІуэр гъэпэжыныр зэІэпаххэт псалъэ быдэу,**
**Афэ джанэм и уэрдыхъуу, япкъэр щызэрыубыдым,**
**Ар зи нэгу щІэкІа цІыхубэр гъащ, и нэпсыр хуэмыубыду.**

**Нэхущ вагъуэм мазэр хуэзэм, я зэхуэдэщ нуру ядзыр,**
**Ауэ махуэм зыщиІэткІэ, йокІуэт зэшыпхъуитІым я зыр;**
**Мэхъу хуэм-хуэму зэпэІэщІэ, уафэ лъагэм зыщагъазэу,**
**Ахэм зэуэ Іуплъэфынур бгыхэм я щхьэкІэ щыхуарзэрщ.**

**Алыхьталэм и унафэм дунеишхуэр къыщигъэщІым,**
**Зэбгъэдыхьэ–зэбгъэдэкІыу игъэуващ вагъуэ лъэщхэр:**
**Зы гъэгъар тІу иращІыкІыу мэхъу розитІыр зэпэІэщІэ,**
**Губзыгъагъэр уи къаруми, гуауэм хэти къыхегъащІэ.**

**Нестан жеІэ: «Уэрэ сэрэ зэи дызэрымыцІыхуамэ,**
**Тыншу дыпсэунт, жыжьэным и хьэзаб дыхэмыхуауэ.**
**Ныбжьэгъугъэм и фэеплъу, нысхуебгъэхьтэм уи хъыбархэр,**
**Щхьэж ди унэ дису, гугъуми, зэгъэнт дигу зэхуэзэшахэр».**

**Етыж жэуап Тинатини: «СыпІумыплъэмэ, си дыгъэ,**
**Дауэ схуэгъэкІуэн зэманыр, сыІэщІэкІыу гухэщІыгъуэм?**
**ГъащІэ шэчыгъуейм насыпу щызгъуэтынур сэ лІэныгъэрщ,**
**Упсэу, пхущІэзгъэкІ нэпс ткІуэпсхэр уи тетыгъуэ илъэс бжыгъэу».**

**НысащІитІу нэр зыгъафІэм иужь ІэплІэр щызэхуащІкІэ,**
**Тинатин и шыпхъу ежьэжым иригъэплъкъым и нэпс гуащІэм;**
**Гъуэгу техьэным хуэхьэзырми, Нестан мафІэу мэжьэражьэ,**
**Нэгум щІэкІыр пІуэтэжыну бзэм и Іыхьэ щанэр мащІэщ!**

**Ростеван хьэщІэншэу къанэм и акъыл фІэкІуэдыныфэщ,**
**ЩэІуу и жьэм къыжьэдэкІыр щэрэ минкІэщ зэрубжыфыр,**
**Псывэр зыщхьэщиху шыуану, ІэщІокІ нэпс имыубыдыфхэр,**
**Нэщхъеягъэр уэсу тесэу, Тариэли дыжьыныфэщ.**

**Тариэлу розэ гулъыр пащтыхь ІэплІэм зэщІеубыдэ:**
**«УдиІэныр ди насыпти, ежьэжыгъуэм дегъэгуІэ!**
**Узмылъагъумэ, стелъ хьэзабыр мыетэну тхьэ сымыІуэ,**
**Псэуэ тІутыр уэ зырати, дилІыкІынкъым схужымыІэ».**

**Тариэли, шэсыжауэ, сэлам ирехыж Ростеваным.**
**Хьэрыпыдзэр зэщІогъуагэ, къуэм дэхуэжкъым нэпс архъуанэр.**
**ЖаІэ цІыхухэм: «Укъилъагъумэ, езы дыгъэр мэхъу нэхъ фагъуэ!»**
**Къарет жэуап: «Дэри гуауэм лІам дехъуапсэу дыкъегъанэ!»**

**Къалэм докІри гъуэгу тоувэ Тариэл и ныпым щІэтхэр:**
**Бгъурытщ Автандилу Іущым Придон хахуэр; зэныбжьэгъухэм**
**Мин пщІейм фІэкІынщ я дзэ лъэщыр, шууей хахуэу лІы хуэдэлІхэр,**
**ЕщІ фІылъагъум и гъуэгуанэм нэхъри зэхуэпэж щІалэфІхэр.**

**Мис, гъуэгу тетщи мазищ хъуауэ, уаІуплъащэрэт нэ лейкІэ!**
**Бий абыхэм уахуэхъуныр гузэвэгъуэт, пэж ухуеймэ.**
**Зэзэмызэ гъуэгулІ Іэнэ удзыпцІэ щІыІу щаугъуеймэ,**
**Фо махъсымэт псыуэ зэфэр, ари ирамыгъэлейуэ.**

### LXII
### Тариэл Инд пащтыхьыр дунейм зэрехыжар къещІэ

**Аддэ жыжьэу чэруанышхуэ Іуащхьэ щІыбым къыщолъагъуэ,**
**Я къыдыри, гъуэгурыкІуи фІыцІэ защІэу къахуоблагъэ,**
**Хъуреибзэу щІэщащ щхьэцхэр, щхьэусыгъуэр нэрылъагъукъым.**
**«Мыбдеж дыувынщи, къафшэ», - Тариэл яхуещІ унафэ.**

**Къохьэ пащтыхьым и пащхьэ сондэджэрхэм я нэхъыжьыр.**
**Ирет упщІэ: «Хэт фыхъуну? Сыт фи лажьэу фыщІэщыгъуэр?»**
**ЖеІэ: «Ар щызокІуэ хабзэу зэднэкІа щІыналъэ жыжьэм:**
**Инд хэгъуэгурщ дыкъыздикІыр дэ, Мысырыр ди хэкужьу».**

**Тариэл и гуапэт ІущІэм щыІагъащІэм Инд щІыналъэм,**
**ЛІыхъужьищыр зэгуроІуэ ябзыщІыну я цІи я щхьи.**
**Мэбэлэрыгъ сондэджэрхэр, инд хуэІухуэщІэ дзэм далъагъукъым:**
**Хамэ лъэпкъ щыгъынщ зэрахьэр, хьэрыпыбзэщ зэрыпсалъэр.**

**«Я хъыбар къысхуэщІыт индхэм», - ещІ унафэ я пащтыхьым.**
**ЖаІэ: «Тхьэр къебгауэ лъэпкъым, ящхьэщыкІкъым я бэлыхьыр,**
**Зэрыхэкуу я хьэдагъэщ, нэпс щІагъэкІыу псыхьэлыгъуэу,**
**Я нэхъ Іущри акъылыншэщ, гуауэм я щхьэ щІригъэхьэу.**

**Я хъыбарыр, псысэ хуэдэ, къахуеІуатэ нэхъыжь жьакІуэм:**
**«Парсадант абы щытепщэр, Тхьэм и Іуэху иригъэфІакІуэу,**
**И хъыджэбзыр дыгъэ къепсым пеуэфыну пщащэ гуакІуэт,**
**И нэкІущхьэр гулъ гъэгъауэ, и бгыр щихуу, щхьэцыр щІакІуэу.**

**Зэрыхъу хабзэу, амирбэрымрэ а пщащэмрэ зогуакІуэ,**
**Пащтыхьыпхъум и псэлъыхъур амирбэрым ІэщІокІуадэ,**
**Адэшыпхъу Давартхъыджэбзым зэрыцІыкІурэ и гъэсакІуэр,**
**Арти, гузэвэгъуэм хедзэ адэшыпхъум хэку ефІакІуэр.**

**Езы Каджхэм ебзэджэкІыу, удт Давар зи цІэ бзылъхугъэр,**
**Гузэвэгъуэу зринэкІым дунеишхуэр зэщІилыгъуэт,**
**И псэр хихыжащ бзаджащІэм, езым техуэу и нэрыгъыр,**
**Пщащэ дыгъэр хамэщІ щыІэщ, и гуакІуэгъури дэщІыгъуу.**

**ЩыкІэлъыкІуэм пхъум аслъэныр, тепщэр мэхъу амирбэрыншэ.**
**Мэбзэх ари, уэздыгъитІыр щалъагъужкъым инд хэкушхуэм.**
**КъуакІи псыхъуи щагъуэтакъым, мыхуэмыхуми я дзэ хъушэр,**
**«Ди Тхьэ, мафІэм щхьэ себгъэсрэ?!»-тхьэджэт,**
**гъыуэрэ, пащтыхьышхуэр.**

**Лъэужьыншэу кІуэдаитІыр игъейт тепщэ жьыщхьэ мыгъуэм,**
**Пшынэ макъым ипІэ гъыбзэрт игъуэтыжыр гурыфІыгъуэу,**
**Ихьыжакъым куэд тхьэмыщкІэм, къыщысхьакъым мафІэ лыгъэр,**
**ПІалъэ кІэщІым ихьащ бампІэм бийхэм текІуэрей пащтыхьыр».**

**Сондэджэрым хъыбар пэжу къиІуэтэжыр зэриухыу,**
**И щхьэтепхъуэр тещэтауэ, къэкІиящ Нестан гущІыхьэу.**
**ЕІэт макъыр Тариэли, щэхур адкІэ хуэмыІыгъыу,**
**ЩІагъэж нэпс яхуэмыубыдыр, бгыщхьэ уэсыр ткІуа уи гугъэу.**

**СыкъэвукІ, фыхуеймэ, дыгъэм а хъыджэбзыр емыфІэкІым,**
**Щхьэтепхъуэншэ хъумэ розэр, плъагъур Іущхьэм и гъэгъэкІэрщ,**
**Я нэхъ Іущри ещІыф бзагуэ, ар игъэлъэпІэн игу къэкІым,**
**МыщІэху сатыритІыр зи дзэу, налмэс лыдыр зи гуфІэкІэм.**

**Егъей адэр бзу бзэрабзэм, гущхьэкъутэу гъыбзэ къибжу,**
**Нэпсхэр яхуэІыгъкъым нитІым, кърефыщІыкІыж щхьэцышхуэр;**
**Розэ гулъым и фэр пихуу, жыглыц фІыцІэщ и нэкІущхьэр,**
**Пшэхэм къыкъуэщыжкъым дыгъэр, уафэ къащхъуэр игъэпІыщІэу.**

**И напафэр зэхифыщІэу, тхьэджэ макъкІэ мабжэ пщащэр,**
**Нэпсыр уэшхыу кърыгъэшхыу, йоджэ адэм, щІигъэхуабжьэу:**
**«СылІэу сэ сызэгъэжарэт! Уэ сэ схуэдэ бынт пхуэфащэр?!**
**Си псэкІуэдхэр схуигъэгъуну узилІыкІуэщ Тхьэм и пащхьэм!**

**Мащэ кІыфІым уиубыдами, уэ зыращ сэ нэхуу сиІэр!**
**Дэнэ укъыздисхыжынур, сщхьэщыпхыну мы си гуІэр?**
**Хэт дунейр зыхуэбгъэнэхур, дыгъэ, бзийр зэбгрыптыкІыу?!**
**Сыт щыхупІэм щІемыхуэхыр, зэхэщащэу, къуакІэбгыкІэр?!»**

**Тариэли магъ: «Сыт нобэ мы зэхэсхыр, си гъэсакІуэ!**
**СогъэщІагъуэ: дауэ блэфрэ дыгъэр, бзийкІэ къытхуэгуапэу!**

**ИкІ уафэгум, щІым тетыжкъым уэ уи нурым хуэдэу гуакІуэр!**
**УэркІэ къэсхьыжа си тобэр Тхьэм сІебгъэхтэмэ, ди адэ!»**

**ЯжреІэ сондэджэрхэм: «Пыфщэт адэкІэ хъыбарым!»**
**«Ятелъщ индхэм бэлыхьышхуэ, - къыжраІэ зиусхьэным,-**
**Хьэтаидзэм къиувыхьауэ, къыхэкІыфкъым къалэр зауэм,**
**Ящхьэщытщ Рамазу ябгэр, пащтыхьыцІэ зыфІищауэ.**

**Пащтыхь гуащэр псэущ иджыри, гуауэр и гум къытебанэу,**
**ТекІуэн гугъэ ямыІэжми, пэрытщ зауэм Индустаныр,**
**Къигъэнакъым имыубыду бийм зы къуакІи, зы чэщани,**
**Дыгъэ! Уэри ущыхьэткъэ - хьэлъэ дыдэщ я зэманыр.**

**Дэ тхуэдабзэу щыгъын фІыцІэкІэ хуэпахэщ къалэдэсхэр,**
**Мысыр хэку дикІау щыжытІэм, дыкъелащ Рамаз и хьэпсхэм:**
**Ди пащтыхьым мамырыгъэкІэ бгъэдэтти, фІэгунэсу,**
**Хуит дыкъищІыжащ леиншэу, Алыхьталэм къыдипэсри».**

**Тариэл ар зэхихащи, гупсэхугъуэ игъуэтыжкъым,**
**Махуищ гъуэгур махуэ закъуэм зэпеупщІри, къикІуэтыжкъым,**
**МафІэм ещхьу щхьэщохуарзэ жьым зэрихьэ и ныпышхуэр,**
**Еплъ, гум Голиаф къигъэкІыу, лІыхъужьыгур зэрыгушхуэр.**

### LXIII
### Тариэл Инд хэкум нэсыжу хьэтайхэр зэрызэтриукІар

**Инд хэгъуэгум и щІыгъунэм задэу щыІэтащ къуршыжьхэр.**
**Плъэмэ: къыбгъэдэтщ гъунапкъэм бийхэм я дзэ мыухыжхэр.**
**Тариэл щІоупщІэ: «Къуэшхэ, дыщІэзауэр ди хэкужькъэ?!**
**Алыхьталэращ си гъусэр, нобэ бийм и вагъуэр ижмэ!**

**Пасэу ятехуащ абыхэм, мызэ-мытІэуэ, си сэшхуэр,**
**Зэгуэзгъэхуу афэ джани, Іэщэ-фащи, зыкъэсшэщІмэ».**
**Автандил къыпещэ: «Псалъэ хуумыгъэшыт щІэныгъэншэм!**
**ЗэтедукІэнщ зы къэмынэу, псэун гугъэ ямыІэжхэу».**

**Зэуэныгурэ пшэ гуэрэну гъуэгу техьащ хьэрып зекІуэлІхэр,**
**Я къыдырхэр хуит ящІауэ, шууей хъыжьэу къызэдолъхэ;**
**ЦІыкІуи ини къахуэхъуахъуэу, зыр зым пеуэу зэрызохьэ,**
**Бгыщхьэм къеджэрэзэхащи, япІытІынур къапэщІохуэ!**

**Япэ итхэр бийм и плъырхэм щарихьэлІэм, асыхьэтым**
**ЯІэщІэкІын я гугъами, яубыдащ щІэпхъуэну хэтхэр.**
**Гъэрхэр кърашащ и пащхьэм, пхъашэщ Тариэл и нэщхъыр,**
**«Хэт фызейр?» - йоупщІ, къищІэну ахэр зи унафэ щІэтыр.**

**КъыжраІэ: «ЩІалэ бжьыфІэ, Рамазщ дызыхуэжыІэщІэр,**
**ДыкъигъапцІэри дищтауэ, плъыру дыкъуигъэтщ мы Іуащхьэм».**
**ЖеІэ Тариэл: «Вгъэзэжи, фи псэр Іэпхъуэжами хьэршым,**
**Тепщэм жефІэ: дыкъоблагъэ, дыхуэпабгъэу зауэ гуащІэм.**

**Къэсащ, жыфІэ, пащтыхьышхуэу Іуэху шынагъуэхэр зыгъахъэр,**
**Лей зезыхьэхэм зэ уэгъуэм изыгъэжыр я нэ вагъуэр.**
**Хэт сыхъунуми жраІэ нетІэ плъыр яубэрэжьахэм,**
**ПщІэншэщ лейуэ ушынэныр, шынэм ІэщІэкІын ажалыр?!**

**Щхьэ уигу къэкІа, умыделэм, лІыфІхэм уапэщІэувэну?!**
**Сыт акъыл къызыхэпхари Инд щІыналъэм уихьэххэну?!**
**Мис, нызохь лъыщІэж мафІэсыр уи хьэдащхьэр згъэлыгъуэну,**
**Мы си сэшхуэу згъэжанари уи удынырщ Іузыгуэнур.**

**Зыгъэхьэзыр! Щэхурыпхъуэу сыптеуэныр симыплъапІэ:**
**Уи дзэр захуэу зэрыуву, хъыбарыншэ сомыщІ закъуэ!**
**Уафэгъуагъуэу къебгъэхь псалъэхэм ди дыхьэшхын къагъакІуэ,**
**Жыр тажищэ пщхьэрыгъами, уи щхьэр сщІынущ пхъэкъутапІэ».**

**Плъыр яутІыпщыжахэр мажэ, я щІым нэсыжыну пІащІэу,**
**Іурадзэж ялъэгъуа псори Рамазыпщ зызыгъэпхъашэм:**
**«Дзэ абрагъуэ щІыгъуу индхэм я пащтыхьыр къэсыжакІэщ,**
**ТІур зым дыпэмылъэщыну я зауэлІхэр хъыжьэ защІэщ».**

**ЯІыгъщ дзэпщхэм Тариэлу инд щІалэфІым и ныпуардэр,**
**Адэ-модэкІэ щохуарзэ хьэрыпыдзэм и бэракъхэр.**
**Афэ джанэ щамытІагъэу, бжы къудейкІэщ зэрызауэр,**
**Лъыр, псыкъелъэ хуэдэ, мажэ, Придон-дыгъэр чэф ищІауэ.**

**Мис, ежьа къудейщи, плъэмэ, шу щитху зэрызехьэу къокІуэ.**
**Зауэныгут хьэрыпхэр, занщІэу сатырышхуэу къызэдолъхэ.**
**«Хуейкъым!» - жеІэ Тариэли, егъэмамырыж зауэлІхэр,**
**Сагъындакъ яІыгъкъым бийхэм, Іэщэ-фащи япщІэхэлъкъым.**

*(КъыкІэлъыкІуэнущ).*



*Сурэтыр* **Зичи Михай** *ищІащ.*

● Бахъсэн щIыналъэ



# Жыжьэ къикIа хьэщIэхэр

**Адыгэхэм я дунейпсо махуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Бахъсэн щIыналъэм.**

А МАХУЭМ абы еблэгъащ Тыркумрэ Израилымрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэр. Районым и унафэщIымрэ администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ абыхэм ирагъэлъэгъуащ хадэхэкIым елэжь «Агро-Ком» ОАО-мрэ пхъэщхьэмыщхьэ зыгъэкI «Юг-Агроснаб» ООО-мрэ. ХьэщIэхэр щIэупщIащ хадэхэкIхэм я зехьэкIэм. ИужькIэ абыхэм зыщаплъыхьащ «Джэдыкъуэ» спорт IуэхущIапIэм. Нэхъыбэу зэкIэлъыкIуэн, зэдэлэжьэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ зэлъэпкъэгъухэр.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

# Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэ

**«Адыгэхэр я щIыналъэм щопсэу» концертышхуэ Тырныауз къалэ Абаев СулътIанбэч и цIэр зэрихьэу дэт гъуазджэмкIэ школым щекIуэкIащ.**

АДЫГЭМ и махуэм хуэгъэпса дауэдапщэхэм хэтащ щIыналъэм и унафэщIыр, къалэ администрацэм, къуажэхэм, «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр, районым ит IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ



Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыпсэухэмрэ къэхуеблэгъахэмрэ хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ район администрацэм и унафэщI **Уянаев Кязим**. «Адыгэхэм тхыдэ къулей яIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а лъэпкъым и щхьэ гузэвэгъуэ куэд ирикIуащ, ауэ абы хузэфIэкIащ и гур мыкIуэду зихъумэжын. Мы махуэр зэраубзыхуар адрей лъэпкъхэм я дежкIи фIыгъуэшхуэщ. Адыгэхэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэр зэфIэувэным, ухуэныгъэшхуэхэм, сатум, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхухэми къаруушхуэ халъхьащ».

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм ЩэнхабзэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм адыгэхэм я тхыдэм теухуа слайдхэр ягъэлъэгъуащ.

ЩIыналъэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Балъкъэр Руслан** къаIэта Iуэху дахэхэм папщIэ Уянаев Кязим фIыщIэ хуищIри, Адыгэхэм я махуэм и лъэпкъэгъухэр куэд щIауэ зэрыщIэхъуэпсыр жиIащ. «Махуэ лъапIэр лIыгъэкIэ гъэпса ди тхыдэм, хэкупсэ лъагъуныгъэм, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэщ. Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий а махуэр гъэлъэпIэныр жэрдэм зыщIахэм зэрадиIыгъамкIэ фIыщIэ ин хуэсщIыну сыхуейщ», - жиIащ абы.

«Адыгэхэм я махуэмкIэ дыныволхъуэхъу» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ школым къыщызэIуахат. Лъэпкъ махуэшхуэр зэраубзыхуамрэ адыгэхэм ятеухуа дэфтэрхэмрэ куэду къыщыгъэлъэгъуат абы.

Адыгэхэм я махуэм хуэгъэпса дауэдапщэхэр Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэ псоми щекIуэкIащ, щIыналъэ библиотекэм литературэмакъамэ пшыхьхэр, тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр къыщызэрагъэпэщащ.

**ТАРИМ Алисэ.**

● Лэскэн щIыналъэ





# Хабзэхэм трагъащIэ

**ФокIадэм и 20-м Адыгэхэм я махуэр Лэскэн щIыналъэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ.**

УРЫХУ къуажэ администрацэм и бжэIупэм деж къыщызэIуахащ махуэшхуэр. Абы кърихьэлIат щIыналъэм и къуажэ псоми я лIыкIуэхэр, нэхъыжьыфIхэмрэ щIалэгъуалэмрэ. Махуэм и мыхьэнэр куэдкIэ иIэтырт абы къекIуэлIа куэдым лъэпкъ фащэр уардэу зэращыгъым. ДэнэкIэ уплъэми, адыгэ ныпыр хуарзэу зыIыгъ гупхэм уи гур хагъахъуэрт.

Къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэ дахэкIэ захуигъэзащ Лэскэн щIыналъэм и унафэщI **АфIэунэ Аслъэн**. Дуней псом текъухьа адыгэхэм я щхьэ зэрахъумэжыфам, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр дгъэбэгъуэн зэрыхуейм тепсэлъыхьащ ар. Къуажэдэсхэм къабгъэдэкIыу махуэшхуэм къыщыпсэлъащ Мэрзей Борис. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм адэкIэ щыпащащ Урыху къуажэ и Куртимэс хуеймт. А щIыпIэм лъэпкъ пщIантIэхэр, пщыIэ цIыкIухэр щагъэуват.

Къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ



АфIэунэ Аслъэнрэ щIыналъэм и Iимам Къунаш Заурбийрэ. ЗэIущIэр я гушыIэ дахэхэмкIэ екIуу ирагъэкIуэкIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэу Къуныжь Алимрэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ. ГуфIэгъуэм щагъэлъэпIащ Дунейпсо чемпионатым къыщыхэжаныкIа КъуийцIыкIу Ахьмэдрэ абы и гъэсакIуэ Мэкъуауэ Маликрэ.

Адыгэхэм я махуэр Уэзрэдж, Ташлы-Тала къуажэхэм дэс осетинхэмрэ балъкъэрхэмрэ ягъэлъэпIащ. Илъэс куэд щIауэ къыздэгъуэгурыкIуэ адыгэ лъэпкъым я гуфIэгъуэр даIэтащ абыхэми.

ЯгъэщIагъуэу куэд кIэлъыплъащ кхъуейплъыжькIэрыщIэм. Дагъэм халъэфа кIапсэм пэлъэщыфар Мэремыкъуэ Албиянщ. Гущэхэпхэ, лъэтеувэ хабзэжьхэм пыщIа Iуэхугъуэ псори дахэу зэкIэлъыкIуэу щагъэлъэгъуащ зэIущIэм.

**ГУIЭТЫЖ Залинэ.**





# Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и саугъэтыр Скай Арч къехь

● Шыгъажэ





**ФокIадэм и 20-м, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэр КъБР-м щагъэлъапIэм, республикэ ипподромым щекIуэкIащ адыгэ, инджылыз-адыгэ шы лъэпкъ къабзэхэр зыхэта шыгъажэ.**

ШЫГЪАЖЭМ къыдэкIуэу, гырэ къэIэтынымкIэ, армспортымкIэ, хьэлъэ гъэIэпхъуэнымкIэ, кIапсэ зэпекъумрэ фэ кIапсэм дэпщеинымкIэ зэпеуэхэри екIуэкIащ. Шыгъажэр, адрей спорт зэхьэзэхуэхэр щызэпыухэм, ипподромым щызэхуэсахэм, я гукъыдэжыр къаIэтащ республикэм и уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэтым щIэбэнынымкIэ шыгъажэ къызэIуахащ. Ар зыIэрыгъэхьэным хущIэкъуу метр 1800-м къыщызэдэжащ илъэси 3 зи ныбжь шыбзхэр. Куэдыр я фIэщу пэплъэрт «Малкэ» шы заводым и пцIэгъуэплъ Хай Регардс текIуэну, арщхьэкIэ етIуанэ увыпIэрщ къылъысар. Абы къефIэкIри, бжьыпэр иубыдащ «Эльбрус» шы спорт клубым и Сармэ шыгъуэм. Зэпеуэм ар хуигъэхьэзыращ мастер-тренер Мокъуэ Рашид, къэзыгъэжар Хьэмыз Къазбэчщ.

Адыгэпщ цIэрыIуэ Идар Темрыкъуэ и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым щIэбэнащ илъэситI зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэр. ЕкIуу псори къызэринэкIри, псынщIэу гъуэгуанэр къызэпичащ «Налшык» хьэлвэ заводым и Сонар Прадэ пцIэгъуэплъым, мастер-тренер Балъкъэр Хъусенрэ къэзыгъэжа Сыжажэ Тимуррэ я лэжьыгъэфIыр къигъэлъагъуэу.

Шыгъажэ нэхъыщхьэм - Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым - кIэлъыплъхэм я нэхъыбэр щыгугъырт, игъуэта фэбжьым иужькIэ утыкум къихьэжа, «Малкэ» шы заводым и Хай Файт пцIэгъуэплъыр текIуэну, арщхьэкIэ ещанэущ къызэрысар. Нэхъ жыджэру къыщIэкIащ икIи и хьэрхуэрэгъухэр къызэринэкIри, бжьыпэр иубыдащ Къудей Хьэсэн и Скай Арч «американ» пцIэгъуэплъым. Тренерыр Ало Эдуардщ, къэзыгъэжар Николкин Станиславщ.

КъыкIэлъыкIуэр Урысейм и Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и саугъэтым теухуа шыгъажэрт. Классикэ метр 2400-рэ гъуэгуанэм техьащ «Малкэ» шы заводым къыщалъхуа, илъэси 3 зи ныбжь нэхъыжь инджылыз-адыгэ шы лъэпкъыу 7. Куэдыр зыпэмыплъауэ, текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ шы лъэпкъ къабзэ Саратов хакIуэмрэ адыгэш Коронация шыбзымрэ къатехъукIа Корсар пцIэгъуэплъым.

Шыгъажэр зэхуащIыжащ 115-нэ шу дивизэм и щIыхькIэ ягъэува саугъэтым теухуа зэпеуэмкIэ. Абы хэтащ илъэси 3 зи ныбжь, нэхъыжь адыгэшхэр. Метр 1800 гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу къызэпичащ Мырзэкъан Азэмэт и Бабыху хакIуэ пцIэгъуэплъым.

Абы ирихьэлIэу пелуанхэм я зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжащ. КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм игъэува саугъэт лъапIэхэм ерыщу щIэбэнащ зэхьэзэхуахэр хьэлъэ гъэIэпхъуэным щытекIуа Тубей Имран сурэттех иратащ. ГыритI бгъэгум нэс дэхьеин зэпеуэм щынэхъыфIа Чэрты Къазбэч жып телефон лъысащ. «S-club» фитнес-центрым и илъэс абонемент тыгъэ хуащIащ Узеев Ахъмэт (армспорт, кг 90), ТхьэмытлIокъуэ Астемир (армспорт, кг 90) «Adidas» спорт хьэпшыпхэм и тыкуэным и саугъэт картэ иратащ.

КIапсэм дэпщеину зезыпщытхэр куэдт. Псом япэу и кIэн къикIащ нэхъ псынщIэу икIи екIуу Iуэхум пэлъэща Къанкъул Iэбу. Абы мэлрэ, зэрыхабзэу, текIуам и кхъуеймрэ здишащ. Гугъуэт Тимур лъысащ «S-club» фитнес-центрым и абонемент. Алъхъэс Аслъэн телевизор къихьащ, Къудей Азэмэт Iэрыхьащ жып телефон. «Adidas» тыкуэным и картэр Iэщыж Елдар лъысащ.

КъыхэжаныкIахэм саугъэтхэр иратащ КъБР-м спортымкIэ и министр, Олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч, Эверест щыгум дэкIа альпинисткэ цIэрыIуэ Мэз Каринэ, республикэр зэрыгушхуэ спортсменхэу Урыш Анзоррэ Джэду Iэниуаррэ.

**УАРДЭ Жансурэт.**

*Сурэтхэр*
**Толгуров Камал** *трихащ.*





**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 26-рщ.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 5



ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Къумахуэ Аслъэн, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 4, 6-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(2, 3, 5-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэкъу Елмэс ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20 -рщ.

Индексыр 51531 Тираж 3.167 ● Заказ №1611